

19 jen

Sa bon pou nou rete dousman ap tann li vin delivre nou. Lamantasyon 3. 26

Chak maten ou tande vwa m. Kou solèy leve, mwen mete lapriyè m devan ou. M ap tann ou reponn mwen. Sòm 5. 3

Silans Bondye a di mwen : Tann

Bondye, se yon Bondye ki pale, yon Bondye ki tou pre. “Lafwa soti nan... sa yon moun tande, se dapre sa Bondye pale” (Women 10. 17). Si Bondye pa t pale, pa t ap gen kretyen ! Lè n ap li Bib la, ki vivan e aktif (Ebre 4. 12), nou koute sa Bondye ap di nou, e nou resevwa li pou nou ka viv li.

Bondye pale ak nou tou, nan fon konsyans ak kè nou. Se pa souvan, ou ka tande yon vwa, men li ba nou garanti li tande priyè nou yo, li konnen sitiyasyon nou. Sa ba nou lapè, yon limyè nouvo, ak yon pi bon konpreyasyon de volonte li...

Epoutan, pafwa Bondye fè silans. Bib la pale de silans Bondye sa yo nan lavi kretyen yo. Piga nou etone si nou nan kèk moman kote Bondye ta sanble fè silans ; e lè sa rive, silans sa di m : “Tann !”

Gen yon ris lè m ap eseye fabrike repons pou m ranpli silans sa ak kèk pawòl ki pa soti nan Bondye, ki kòm rezilta, fè mwen egare. Lè ou mande lòt moun konsèy pou w ka pran devan repons Bondye yo, va gen souvan menm konsekans. E si yon zanmi mande m konsèy lè Bondye fè silans, li ta pi bon pou mwen di li : “Tann. M kapab priye avèk ou, men mwen pa gen repons”.

Moman silans sa yo nan lavi nou, se moman kote lafwa nou vin pi fò, si nou rete ak konfyans, ap koute Bondye. Nou va fè eksperyans repons sa yo toujou pi bèl, pi gwo pase sa nou te panse a.

19 juin

C'est une chose bonne qu'on attende, et dans le silence, le salut de l'Éternel. Lamentations de Jérémie 3. 26

Éternel ! le matin, tu entendras ma voix ; le matin, je disposerai ma prière devant toi, et j'attendrai.

Psaume 5. 3

Le silence de Dieu me dit : Attends

Dieu est un Dieu qui parle, un Dieu tout proche. "La foi vient de... ce qu'on entend par la parole de Dieu" (Romains 10. 17). Si Dieu ne parlait pas, il n'y aurait pas de croyants ! En lisant la Bible, qui est vivante et opérante (Hébreux 4. 12), nous écoutons ce que Dieu nous dit, et nous le recevons pour le vivre.

Dieu nous parle aussi dans le secret de notre conscience et de notre cœur. Ce n'est pas souvent une voix audible, mais il nous donne la certitude qu'il a entendu notre prière, qu'il connaît notre situation. Cela nous apporte la paix, un éclairage nouveau, une meilleure compréhension de sa volonté...

Et pourtant, parfois Dieu se tait. La Bible parle de ces silences de Dieu dans la vie des croyants. Ne soyons donc pas étonnés si nous connaissons aussi des moments où Dieu semble silencieux ; et quand c'est le cas, ce silence me dit : "Attends !"

Le risque est de fabriquer mes réponses pour remplir ce silence par des paroles qui ne viennent pas de Dieu, et qui par conséquent m'égarent. Demander conseil à d'autres pour devancer les réponses divines aura souvent le même effet. Et si un ami me demande conseil quand Dieu se tait, il vaut mieux que je lui dise : "Attends. Je peux prier avec toi, mais je n'ai pas de réponse".

Les temps de silence dans nos vies sont des périodes où la foi devient plus forte, si nous restons confiants, à l'écoute de Dieu. Nous ferons l'expérience que ses réponses sont toujours plus belles, plus grandes que nous l'avions pensé.